


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara ilmiah dina nyangking data pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, sakumaha nu ditétélakeun ku Sugiyono (2015, kc. 1) yén méthode panalungtikan dihartikeun minangka cara ilmiah dina nyangking data pikeun tujuan nu tangtu. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun méthode déskriptif analitis. Méthode déskriptif analitis mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun sacara sistimatis tina fakta-fakta hasil panalungtikan (Ratna, 2012 kc. 53). Dina ieu panalungtikan didéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati nu tuluy dianalisis data struktural, féminisme jeung larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar maca novel di SMA.

3.2 Desain Panalungtikan

Hal nu mimiti dilakukeun nyaéta nyieun rarancang panalungtikan ti mimiti tatahar nepika nyusun laporan, ieu rarancang biasa disebut desain panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) desain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu biasa dijieun ku panalungtik minangka léngkah awal kagiatan nu bakal dilaksanakeun. Desain dina ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.





Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Dina nyangking data panalungtikan aya dua téhnik diantarana aya téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 236) téhnik ngumpulkeun data mangrupa cara-cara nu dilakukeun panalungtik pikeun nyangking data.

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Ieu téhnik digunakeun dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data, sarta néangan sumber tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta.

- 1) Maca Novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati.
- 2) Maluruh téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul, puseur sawangan, gaya basa) dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati.
- 3) Maluruh citra diri wanoja (Citra fisik jeung citra psikis) sarta maluruh citra sosial wanoja (citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat) nu ngawengku kalungguhan, kasang tukang sosial, atikan jeung pakasaban wanoja nu aya dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati.
- 4) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah satuluyna nu dilakukeun nyaéta téhnik ngolah data. Dina ngolah data dilakukeun téhnik analisis jeung interprétasi. Téhnik analisis mangrupa kagiatan nganalisis data, data nu di analisis nyaéta data nu aya dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, sedengkeun téhnik interprétasi nyaéta kagiatan méré sawangan jeung tafsiran kana data nu bérés dikumpulkeun. Data nu ditafsirkeun nyaéta data nu nyampak dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati. Sangkan leuwih jéntré dihandap didadarkeun léngkah-léngkah téhnik analisis data dina ieu panalungtikan.

1) Téhnik Analisis Struktur Novel *Sagagang Jacaranda*

Analisis nu mimiti dilakukeun nyaéta nganalisis struktur novel *Sagagang Jacaranda*. Struktur nu dianalisis dumasar kana tiori Robert Stanton saperti ieu di handap.

- a) Tema;
- b) Fakta carita, nu ngawengku galur, palaku/watek jeung latar;
- c) Sarana sastra, nu ngawengku judul, puseur sawangan jeung gaya basa.

2) Téhnik Analisis Citra Wanoja dina Novel *Sagagang Jacaranda*

Sabada nganalisis struktur carita, tuluy nganalisis jeung ngadéskripsikeun citra wanoja nu aya dina novel *sagagang jacaranda* nu ngawengku ieu di handap.

(1) Citra diri Wanoja

- a) Citra fisik wanoja;
- b) Citra psikis wanoja.

(2) Citra sosial Wanoja

- a) Citra wanoja di kulawarga, jeung;
- b) Citra wanoja di Masarakat.

3) Téhnik Analisis pikeun milih bahan ajar

Sabada nganalisis struktur jeung citra wanoja dina novel *sagagang jacaranda*, tuluy tina hasil nu geus dicangking, dianalisis saluyu jeung kritéria bahan ajar, nu udaganna pikeun alternatif bahan ajar maca novel di SMA.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 191) Instrumén panalungtikan mangrupa alat ukur nu digunakeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina proses panalungtikan, saperti tes, kuesioner, pedoman wawancara atawa pedoman observasi. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua : 1) instrumén ngumpulkeun data, jeung 2) instrumen ngolah data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun instrumén tabél.

1) Struktur Carita dina Novel *Sagagang Jacaranda*

Tabél 3. 1
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Karya

No	Tema	Cutatan Carita	Kode data
1.			

No	Galur	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

No	Palaku/watek	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

No	Latar (Tempat/waktu)	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

No	Judul	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

No	Puseur sawangan	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

No	Gaya Basa	Cutatan Carita	Kode Data
1.			

Padia Hanida, 2023

CITRA WANOJA DINA NOVEL SAGAGANG JACARANDA KARYA RISNAWATI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FÉMINISME)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Citra wanoja dina novel *Sagagang Jacaranda*

Tabél 3. 2
Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Wanoja

No	Citra diri	Fokalisator	Palaku	Cutatan	Kode Data
1.					

No	Citra sosial	Fokalisator	Palaku	Cutatan	Kode Data
1.					

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

Gambar 3. 1
Conto Kartu Data Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Téma, Galur, Palaku, Latar, Judul, Puseur Sawangan, Gaya basa) - Kode Data : - Struktur Carita : - Cutatan Carita : - Analisis :

Gambar 3. 2
Conto Analisis Struktur Carita

Kartu Data Analisis Struktur (Téma, Galur, Palaku, Latar, Judul, Puseur Sawangan, Gaya basa) - Kode Data : SC/1/1/21/1 - Struktur Carita : Téma
--

3. Cutatan Carita :

Najan geus diniatan teteg pisan moal nginget-nginget mangsa ka tukang, tapi ari aya nu nyeuit mah teu wurung haté Adis nyelekit. Kapan nékad milu program ti KEA gé sasat hayang lumpat tina kanyataan Adis téh.

Tapi kapan Adit kapilanceukna Gagah? Jeung naha bener dina haténa Gagah geus leungit? Naha resepna ka Adit murni lantaran Adit atawa pédah loba sarimbagna jeung Gagah? Mun enya kitu naha bakal Adil keur Adit?

4. Analisis :

Nilik kana sababaraha pasualan nu nyampak jeung remen muncul dina ieu carita, kapaluruh yén téma dina ieu novel nyaéta ayana sikep wanoja nu teu bisa poho kana katunggara haténa, negerkeun diri tina kakuciwa ati sarta gedé tinimbangan dina nangtukeun kaputusan.

Contoh Kode Data : SC/1/1/6/2

Keterangan : Kode SC nuduhkeun kana struktur carita

Kode 1 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 1 nuduhkeun kana analisis tema

Kode 6 nuduhkeun kana kaca tina cutatan carita

Kode 2 nuduhkeun kana paragraf

2) Kartu Data Analisis Citra Wanoja

Gambar 3. 3

Conto Kartu Data Citra Wanoja

Kartu Data Citra Wanoja	
(Citra diri wanoja, citra sosial wanoja)	
1. Kode Data :	CW/2/1/8/2
2. Ngaran Palaku :	

3. Gambaran :
4. Analisis :

Gambar 3. 4
Conto Analisis Citra Wanoja

Kartu Data Citra Wanoja (Citra diri wanoja)	
1.	Kode Data : CW/2/1/42/2
2.	Ngaran Palaku : Liz
3.	Gambaran : <i>Bréh ngaran Adis jeung Iin dicekelan ku awéwé bayuhyuh, jangkung badag. Umurna kira-kira 70 taunan, boa leuwih kétéh, ngan nu sidik jagjag kénéh, nangtungna ajeg, teu kagok ku awak lintuh.</i>
4.	Analisis : Nilik kana gambaran fisik nu aya dina ieu carita. Citra fisik wanoja nu kagambar nyaéta aya di palaku Liz. Liz nyaéta wanoja nu awét ngora, dina carita miboga peran salaku HF Adis jeung Téh Iin nalika di Australia, katitén yén Liz miboga pangawakan jangkung badag jeung lintuh, awakna masih jagjag sanajan umurna nincak ka 70 taunan.

Contoh Kode Data : CW/2/1/42/2

Keterangan : Kode CW nuduhkeun kana analisis citra wanoja

Kode 2 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 1 nuduhkeun kana citra diri wanoja

Kode 8 nuduhkeun kana kaca tina cutatan carita

Kode 2 nuduhkeun kana paragraf

3) Kartu Data Kriteria Milih Bahan Ajar

Tabél 3. 3
Analisis Kriteria Milih Bahan Ajar

No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan
1.	Tujuan nu hayang dihontal		
2.	Dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa		
3.	Dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur jeung eusi carita dina buku novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati wedalan Pustaka jaya. Lian ti éta data séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana buku sumber, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2015, kc. 172) nu dimaksud sumber data dina panalungtikan téh nyaéta objék nu dipaké pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati.

3.5.2.1 Identitas Novel

Judul : *Sagagang Jacaranda*
 Pangarang : Risnawati
 Medal : Taun 2022
 Penerbit : PT Dunia Pustaka Jaya
 Kandel Buku : 104 kaca



Gambar 3. 5
 Jilid novel *Sagagang Jacaranda*

Ieu novel nyaritakeun hiji wanoja nu pinter, singer jeung motékar dina rupa-rupa widang, ngaranna Adis. Adis mangrupa anak kadua di kulawargana, mibanda pakasaban salaku guru mata pelajaran IPA nu lolos program KEA (Knowledge Exchange Australia). Adis nékad milu éta program téh sasat hayang mopohokeun katunggara haténa. Katunggara haté Adis téh salasahiji pasualanna nyaéta hubunganna jeung Gagah teu direstuan ku kolot Gagah, ku sabab Gagah miboga kalungguhan minangka saurang Dokter, katambah kolot Gagah miboga kalungguhan salaku dokter ogé, ku kituna kolotna leuwih hayang Gagah meunangkeun dokter deui, ti harita Adis ngarasa kuciwa nu antukna mutuskeun hubunganna jeung Gagah. Salila di mancanagara nu diniatan pikeun mopohokeun katunggara haté, sakapeung haté Adis masih cumantél ka Gagah, nginget mangsa babarengan jeung Gagah ogé

Padia Hanida, 2023

CITRA WANOJA DINA NOVEL SAGAGANG JACARANDA KARYA RISNAWATI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FÉMINISME)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sakapeung inget deui kana katunggara haténa, di sisi lianna Adis ogé ngarasa bagja ngarasa loba batur jeung ngarasa loba pangalaman nu saacanna can kaalaman ku manéhna. Adis di Australia réa babarengan jeung Adit, babaturan sarombongan (KEA) nu sasama guru. Adis téh ngarasa yén Adit loba sarimbagna jeung Gagah, boh tina dedeganna boh tina kembang bungur nu dibikeunna, tapi bédana kembang nu dibikeun Gagah mah kembang bungur nu aya di Indonésia sedengkeun kembang nu dibikeun Adit mah sagagang kembang jacaranda nu aya di Australia. Tina remen waé babarengan jeung Adit kalangkang Gagah beuki laas dina pikiran Adis. Nu antukna di akhir carita Adit balaka yén manéhna neundeun katresna ka Adis jeung balaka yén Adit téh kapilanceukna Gagah. Ti saprak Adit balaka, Adis ngarasa bimbang dina nangtukeun kaputusan, Adis sieun ngarasa teu adil dina nangtukeun kaputusan, resepna ka Adit téh murni atawa loba sarimbagna jeung Gagah.

3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang



Risnawati babar di Sukabumi kaping 10 Mei 1971. Anjeunna lulusan IKIP Bandung jurusan Basa dan Sastra Sunda (1993), sarta S2 Program Studi Bahasa dan Budaya Sunda UPI Bandung (lulus 2016). Anjeunna produktif ogé motékar dina kapanulisan saperti nulis carpon, carnyam, sajak jeung éséy dina basa Sunda ogé basa Indonésia. Tulisan-tulisanna dimuat dina *Manglé, Sunda Midang, Cupumanik, Galura, Tribun Jabar, Pikiran Rakyat, Karsa*, jsb. Di taun 1994 sajak karya anjeunna dilélér Hadiah Sastra D.K Adiwinata ku Paguyuban Pasundan. Taun 1995 jeung 2003 éséy karya anjeunna meunang hadiah LBSS. Sawatara carita pondokna ogé anu dimuat dina *Manglé* meunang pangajén Carpon Pinilih. Di taun 2022, carpon karya anjeunna anu

judulna “Ucing” jadi pinunjul kahiji dina Pasanggiri Ngarang Carpon majalah Manglé-Paguyuban Pasundan.

Salian ti éta, karya anjeunna nu mangrupa buku di antarana : kumpulan carpon *Haté Awéwé* wedalan Kiblat Buku Utama taun 2011; novel barudak nu judulna *Palesir ka Basisir* wedalan Pustaka Jaya taun 2020 nu dilélér Hadiah Samsudi ku Yayasan Rancagé (2021); jeung kumpulan sajak layung taun 2021 nu judulna *Bangkarak Démokrasi*, lian ti éta sajak jeung carpon karya anjeunna ogé dimuat dina rupa-rupa antologi. Dina kapanulisan buku pangajaran ogé anjeunna nulis buku pangajaran *Pamekar Diajar Basa Sunda* (Dinas Pendidikan Prov. Jawa Barat, 2014) jeung *Rancagé Diajar Basa Sunda* wedalan (Dunia Pustaka Jaya, 2017). Dina taun 2016 dilélér Hadiah Hardjapamekas pikeun guru SMP.

Salian dina widang kapanulisan, anjeunna ogé di taun 1993-1998 jadi wartawan Manglé manten, tuluy di taun 1998-2022 ngawulang Basa Sunda di SMPN 4 Subang sarta aktif dina kaorganisasian, di antarana: pupuhu Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP) Basa Sunda SMP kab. Subang (2017-2022), pangurus PGRI kec. Subang, pangurus Paguyuban Pasundan cabang Kab. Subang, pangurus Ikatan Sarjana Pendidikan Indonésia (ISPI) cabang kab. Subang, jeung Bendahara Umum Perkumpulan Pendidikan Bahasa Daerah Indonesia (PPBDI). Novémber 2015 lulus séléksi Teacher Development Program (rukun gawé Pemkab. Subang jeung KEA/Knowledge Exchange Australia), sarta cicing di Adelaide, South Australia, salila tilu minggu. Kiwari mah anjeunna dipaparin pancén sementawis jadi Kepala Sakola SDN Pangipukan Subang tur dumuk di Subang.